

Pro

Chapter 20

Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

שָׂגָה	וְכָל-	שָׂכָר	הָמָה	הַיַּיִן	לַיֵּץ	1
tiyang-kang-kesasar	lan-sedaya	unjukan-keras	rame	anggur	tiyang-moyok	
H7686	H3605	H7941	H1993	H3196	H3887	
		יְהָכֵם:	לָא	בּוֹ		
		badhé-wicaksana	mboten	ing-piyambakipun		
		H2449	H3808			

Anggur iku tukang memoyok, minuman keras iku tukang gawe rame, sing sapa sempoyongan marga saka iku, dadi ora wicaksana.

נַפְשׁוֹ:	חֹטֵא	מִתְעַבְּרוֹ	מֶלֶךְ	אֵימַת	כְּכַפִּיר	נָהֵם	2
nyawanipun	nglanggar	tiyang-kang-ndadosaken-duka	ratu	ajrih	kados-singa-anom	gereng	
H5315	H2398		H4428	H0367		H5099	

Dukaning ratu iku kayadene panggerone singa nom, sing sapa nenangi dukane iku mbebayani tumrap awake.

יִתְגַּבֵּעַ:	אֵייל	וְכָל-	מְרִיב	שָׁבַת	לְאִישׁ	כְּבוֹד	3
ngrebda	tiyang-gemblung	nanging-sedaya	saking-pasulayan	njauhi	kanggé-tiyang	kamulyan	
H1566	H0191	H3605	H7379	H7674	H0376	H3519	

Sapa kang ngedohi tukar-padu iku patut diurmati, nanging saben wong bodho nguja kanepsone.

וְשָׂאֵל)	וְשָׂאֵל	יִחַרֵּשׁ	לָא-	עֲצָל	מִחֶרֶף	4
badhé-nyadhong	badhé-nyadhong	badhé-mluku	mboten	tiyang-kesèd	ing-wanci-adhem	
H7592	H7592		H3808	H6102	H2779	
				וְאֵין:	בְּקִצִיר	
				lan-mboten-wonten	ing-panen	
				H0369		

Ing mangsa bedhidhing wong kesed ora gelem mluku, manawa ing mangsa panen tanpa gawe anggone golek pametune lemah.

תְּבוּנָה	וְאִישׁ	אִישׁ	בְּלִב-	עֲצָה	עֲמֻקִּים	מַיִם	5
pangertosan	nanging-tiyang	tiyang	ing-manah-saking	rancangan	jero	toya	
H8394	H0376	H0376		H6098	H6013	H4325	
					יְדִלְנָה:		
					badhé-nigas		
					H1802		

Rancangan kang ana ing atine manungsa iku kaya banyu kang jero, ewasamono wong kang pinter bisa ngangsu.

מִי	אֲמוּנִים	וְאִישׁ	חֶסֶד	אִישׁ	יִקְרָא	אָדָם	רַב-	6
sinten	setya	nanging-tiyang	kasaénanipun	tiyang	ngèndika	tiyang	kathah-saking	
H4310	H0529	H0376		H0376	H7121	H0120	H7230	
						יִמְצָא:		
						badhé-manggih		
						H4672		

Akeh wong kang ngarani awake dhewe becik, nanging wong kang setya iku sapa kang nemu?

בְּנֵי putra-putra-ipun	אֲשֵׁרִי rahayu H0835	צָדִיק tiyang-leres H6662	בְּתֻמוֹ ing-katemenanipun H8537	מִתְחַלְקִי tiyang-kang-lumampah H1980	7
----------------------------	---	---	--	--	---

אַחֲרָיו:
sasampunipun

Wong bener kang lakune jujur, iku turune padha rahayu.

כְּעֵינֵי kalayan-paningalipun	מְזַרְהָ napeni H2219	דִּין pangadilan H1779	כְּסֵא־ dhampar-saking H3678	עַל- ing	יוֹשֵׁב kang-lenggah H3427	מֶלֶךְ ratu H4428	8
-----------------------------------	---	--	--	-------------	--	---	---

כָּל-
piawon
sedaya
[H3605](#)

Ratu kang lenggah ing kursi pangadilan, kalawan tingale bisa mirsani sakehe piala.

טְהֻרָתִי kawula-sampun-suci H2891	לְבִי manah-kawula	זְכוּתִי kawula-sampun-ngresiki H2135	יְאֹמֵר kang-saged-ngèndika H0559	מִי- sinten H4310	9
--	-----------------------	---	---	---	---

מִחֲטָאתִי:
saking-dosa-kawula

Sapa kang bisa ngucap: “Aku wus ngresiki atiku, wus lebur sakehing dosaku?”

שְׁנִיחָם: kekalihipun H8147	גַּם- ugi H1571	יְהוּוָה Yéhuwah H3068	תּוֹעֵבָת nistha H8441	וְאִיפָּה lan-takaran H0374	אִיפָּה takaran H0374	וְאֶבֶן lan-watu H0068	אֶבֶן watu H0068	10
--	---------------------------------------	--	--	---	---	--	--	----

Bandhul timbangan rong warna, lan takeran rong warna, karo-karone iku nistha tumrap Pangeran Yehuwah.

יֵשֶׁר leres H3477	וְאֵם- lan-menawi	זָךְ murni H2134	אֵם- menawi	נֶגֶר lare H5288	וְתִנְכַר- dipunpirènani	בְּמַעַלְלָיו ing-tumindakipun H4611	גַּם ugi H1571	11
--	----------------------	--	----------------	--	-----------------------------	--	--------------------------------------	----

פְּעָלָיו:
pandamelanipun
[H6467](#)

Sanadyan isih bocah iya bisa dititeni kapidir saka ing panggawene, apa resik lan apa jujur kelakuane.

שְׁנִיחָם: kekalihipun H8147	גַּם- ugi H1571	עֲשָׂה ndamel	יְהוּוָה Yéhuwah H3068	רְאָה kang-mirsani H7200	וְעֵין lan-mripat	שְׁמַעַת kang-mireng H8085	אֲזָן talingan H0241	12
--	---------------------------------------	------------------	--	--	----------------------	--	--	----

Kuping kang krungu lan mripat kang ndeleng, iku karo-karone Sang Yehuwah kang akarya.

עֵינֶיךָ mripatipun	פֶּקֶחַ melek H6491	תּוֹרָשׁ dados-mlarat H3423	פֶּן- supados-mboten H6435	שָׁנָה sare H8142	תֵּאֲרָב nresnani H0157	אֶל- sampun-ngantos H0408	13
------------------------	---	---	--	---	---	---	----

לֶחֶם:
roti
[H3899](#)

שֶׁבַע-
wareg-saking
[H7646](#)

Aja karem turu, supaya aja tumiba ing kamlaratan, mripatmu elekna temah wareg enggonmu mangan.

אָז	לֹא	וְאָזְלִי	תְּקוּנָה	יֵאמְרֵךְ	רַע	רַע	14
lajeng	saking-piyambakipun	nanging-kesah	tiyang-kang-tumbas	ngèndika	awon	awon	
		H0235	H7069	H0559			

יְתַהַלֵּל:
gumunggung

“Ora becik, ora becik,” pangucape kang tuku, nanging lagi bae lunga, nuli ngalembana awake dhewe.

דַּעַת:	שִׁפְתָיו	אֵי	וּכְלִי	פְּנִינִים	וְרֵב־	זָהָב	יֵשׁ	15
seserepan	lathi-saking	aji	nanging-barang	mutiara	lan-kathah-saking	emas	wonten	
H1847	H8193	H3366	H3627	H6443	H7230	H2091	H3426	

Sanadyan emas lan mutiara akeh, nanging kang akeh banget pangajine iku lambe kang kadunungan kawruh.

נְכָרִים	וּבְעֵד	זָךְ	עֵרֵב	כִּי־	בְּגֵדוֹ	לְקַח־	16
garwa-manca	lan-awit-saking	tiyang-manca	dados-jaminan	amargi	agemipun	pendhet	
H5237	H1157		H6148			H3947	

(נְכָרִים) תְּבַלְהוּ:
nahan garwa-manca
[H5237](#)

Jupuken sandhangane, awit wong iku nanggung wong liya, lan iku tahanen kanggo cekelan lirune wong liya mau.

קֶרֶךְ:	פִּיהוּ	יִמְלֵא־	אֶחָד	שָׁקָר	לֶחֶם	לֵאֵשׁ	עֵרֵב	17
kerikil	tutukipun	badhé-kebak	nanging-sasampunipun	goroh	roti	kanggé-tiyang	éca	
H2687	H6310	H4390		H8267	H3899	H0376	H6156	

Roti olehe ngapusi rasane enak, nanging cangkeme banjur kebak krikil.

מְלַחֵמָה:	עֲשֵׂה	וּבְתַחְבְּלוֹת	תְּכַוֵּן	בְּעֵצָה	מִחְשְׁבוֹת	18
peperangan	damel	lan-kalayan-tuntunan	dipunyekteni	kalayan-pitutur	rancangan	
H4421		H8458		H6098	H4284	

Rancangan bisane kelakon marga saka panglimbang, mulane anggonmu perang nganggoa siasat.

וּלְפִתָּהּ	רְכִיל	הוֹלָךְ	סוֹד	נֹזְלָה־	19
lan-kanggé-tiyang-kang-mbikak	tukang-caturan	lumampah	wadi	tiyang-kang-mbikak	
	H7400	H1980	H5475	H1540	

תְּתַעֲרֵב:
sesrawungan sampun-ngantos lathinipun
[H6148](#) [H3808](#) [H8193](#)

Sapa kang nenacad iku ngeler wadi, mulane kowe aja srawungan karo wong kang cangkeme bocor.

בְּאִישׁוֹן	דָּמָרִיפּוּן	יִדְעָךְ	וְאִמּוֹ	אָבִיו	מִקְלִיל	20
ing-wanci	damaripun	badhé-pejah	lan-biyungipun	ramanipun	tiyang-kang-nyupata	
H0380		H1846	H0517	H0001	H7043	

(בְּאִישׁוֹן) הִשְׁדָּה:
pepeteng ing-wanci
[H2822](#) [H0380](#)

Sing sapa ngipat-ipati bapakne utawa biyunge, iku damare bakal mati ing wektu peteng.

לָא mboten H3808	וְאֶחְרֵיהֶּ lan-wekasanipun H0319	בְּרֵאשִׁיטָה ing-wiwitan H7223	(מִבְּחֵלֶת) kang-dipunenggalaken H0926	מִבְּחֵלֶת kang-dipunenggalaken	נַחְלָה warisan H5159	21
--	--	---	---	------------------------------------	---	----

תְּבַרְךָ
badhé-diberkahi
[H1288](#)

Raja-darbe kang anggone oleh klawan enggal ing wiwitane, wekasane ora diberkahi.

לִיהוָה dhateng-Yéhuwah H3068	קָנִיה ngantos	רַע piawon	אֲשֶׁלְמָהּ kawula-badhé-males	תֹּאמַר ngèndika H0559	אֶל- sampun-ngantos H0408	22
---	-------------------	---------------	-----------------------------------	--	---	----

לָךְ
panjenengan

וְנִשֶׁע
lan-badhé-ngluwari
[H3467](#)

Aja duwe pangucap: “Aku arep males piala,” ngarep-arepa marang Sang Yehuwah, iku kang bakal ngluwari kowe.

טוֹב: saé	לֹא- mboten H3808	מְרִמָּה apus H4820	וּמֵאָזְנִי lan-timbangan H3976	וְאֶבֶן lan-watu H0068	אֶבֶן watu H0068	יְהוָה Yéhuwah H3068	תּוֹעֵבָת nistha H8441	23
--------------	---	---	---	--	--	--	--	----

Bandhul timbangan rong warna iku nistha tumrap Pangeran Yehuwah, lan traju kang cidra iku ora becik.

יָבִין badhé-mangertosi H0995	מָה- kados-pundi H4100	אֲדָם lan-tiyang H0120	גָּבֵר tiyang-kakung H1397	מַצְעָדִי- tindak-saking H4703	מִיְהוָה saking-Yéhuwah H3068	24
---	--	--	--	--	---	----

דִּרְכּוֹ
marginipun
[H1870](#)

Jangkahe wong iku katemtokake dening Sang Yehuwah, nanging kapriye manungsa anggone ngreti marang dalaning uripe?

לְבַקֵּר: kanggé-nliti H1239	נִדְרִים nadar H5088	וְאֶתֵר lan-sasampunipun	קָדָשׁ suci H6944	יֵלַע ngèndika-kesusu H3216	אָדָם tiyang H0120	מוֹקֵשׁ kala-jerat H4170	25
--	--	-----------------------------	---	---	--	--	----

Manawa wong tanpa pikir muni: “Suci,” sarta lagi nimbang-nimbang sawuse nduweni punagi, iku jiret tumrap awake dhewe.

אֶרְפָּן: rodha H0212	עֲלֵיהֶם dhateng-piyambakipun	וְנִשְׁבַּח lan-muteraken H7725	חֲכָם wicaksana H2450	מֶלֶךְ ratu H4428	רִשְׁעִים tiyang-duraka H7563	מְזַנְהָ napeni H2219	26
---	----------------------------------	---	---	---	---	---	----

Para wong duraka dititèni dening ratu kang wicaksana, lan padha diplindhes bola-bali.

בֶּטֶן: weteng H0990	חֲדָרֵי- kamar-saking H2315	כָּל- sedaya H3605	חֲפֵשׁ madosi H2664	אָדָם tiyang H0120	נְשָׁמָת napas-saking H5397	יְהוָה Yéhuwah H3068	דָּמָר damar	27
--	---	--	---	--	---	--	-----------------	----

Rohe manungsa iku damar peparinge Sang Yehuwah, kang niti-priksa kabeh isine atine.

כְּסָאוֹ: dhamparipun H3678	בְּחֶסֶד kalayan-katresnan	וְסָעַד lan-nyanggi H5582	מֶלֶךְ ratu H4428	יַצְרֵר njagi H5341	וְאֵמֶת lan-kaleresan H0571	חֶסֶד katresnan	28
---	-------------------------------	---	---	---	---	--------------------	----

Kang ngayomi ratu iku sih lan kasetyan, lan klawan sih anggone nyantosakake dhampare.

שיבה:	זקנים	והדר	כחם	בחורים	תפארת	29
uwan	tiyang-sepuh	lan-kaluhuran	kakiyatanipun	tiyang-nem	kamulyan	
H7872	H2205	H1926		H0970	H8597	

Kang minangka rerenggane wong nomnoman iku karosane, lan kang dadi kaendahane wong tuwa iku uwane.

בטן:	חדרים	ומפות	ברע	(תמריק)	[תמריק]	פצע	תברות	30
weteng	kamar-saking	lan-gebugan	ing-piawon	ngresiki	ngresiki	tatu	tatu	
H0990	H2315	H4347		H8562	H4838	H6482	H2250	

Bilur-bilur kang ngemu getih iku ngresiki piala, lan gebugan iku ngresiki telenging ati.